

DEPATMAN SANTE PIBLIK MASSACHUSETTS

**Egzansyon Vaksinasyon ak
Eksklizyon Vaksen k ap Evite Maladi nan Anviwònman Lekòl***

Definisyon Egzansyon yo Otorize yo (gade MGL c. 76 §§15, 15C, 15D; 105 CMR 220)

Genyen twa sitiyasyon kote timoun ki pa pran vaksen apwopriye gendwa gen admisyon nan lekòl la:

- 1) **Yon egzansyon medikal** otorize lè yon medsen sètifye vaksinasyon an pa rekòmande medikalman. Li ta dwe renouvle chak ane nan kòmansman ane lekòl la.
- 2) **Yon egzansyon relijye** otorize si yon paran oswa gadyen bay yon deklarasyon ekri vaksinasyon an antre an konfli ak kwayans relijye sensè yo. Li ta dwe renouvle chak ane nan kòmansman ane lekòl la.
- 3) Timoun sanzabri ak timoun ki kay fanmi akèy gen pwoteksyon kont eksklizyon nan **Lwa Tout Elèv Reyisi** (yon mizajou Lwa McKinney-Vento), ki bay administratè lekòl yo tan pou yo sekirize enfòmasyon vaksinasyon yo nan lòt lekòl oswa sistèm sante.

Politik pou Eksklizyon nan Antre Lekòl la

Alòske lejislasyon ak règlemantasyon yo di elèv **vaksin** ki pa reponn ak kondisyon egzansyon medikal oswa relijye "pa ta dwe jwenn admisyon nan lekòl la," aplikasyon eksklizyon pou vaksinasyon oswa vaksinasyon pasyèl timoun anba jesyon lekòl endividyèl ak distri lekòl yo.

Tanpri sonje timoun sanzabri ak timoun ki nan fanmi akèy ki vaksin oswa pasyèlman vaksin pa dwe gen entèdiksyon pou antre nan lekòl piblik si yo pa genyen enfòmasyon vaksinasyon. Lwa Federal Tout Elèv Reyisi deklare si yon timoun sanzabri oswa timoun oswa jèn ki nan fanmi akèy rive manke vaksinasyon oswa enfòmasyon medikal, paran/gadyen an ta dwe refere ak pwen kontak Lyezou Edikasyon Sanzabri/fanmi akèy distri a, k ap genyen responsablite pou jwenn enfòmasyon akademik ak vaksinasyon oswa enfòmasyon medikal enpòtan yo epi asire elèv sanzabri/fanmi akèy yo antre nan lekòl la pandan y ap jwenn enfòmasyon yo. Elèv la dwe enskri epi jwenn otorizasyon pou patisipe nan yon lekòl piblik annatandan. Si w genyen nenpòt kesyon sou Lwa Tout Elèv Reyisi, tanpri kontakte Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) nan (781) 338 - 3700 oswa compliance@doe.mass.edu.

Lekòl ki enskri timoun sanzabri ak timoun ki nan fanmi akèy gendwa swete revize obligasyon yo sou baz Lwa Federal Tout Elèv Reyisi a nan 2015 (ESSA). Sant Nasyonal pou Edikasyon Sanzabri ofri enfòmasyon sou Lwa Tout Elèv Reyisi a la a: <https://nche.ed.gov/legislation/ev-ery-student-succeeds-act/>

Eksklizyon Pandan Epidemi Maladi

Nan sitiyasyon kote genyen youn oswa plizyè ka maladi vaksen ap evite pran oswa lòt maladi kontajye nan yon lekòl, tout siseptib, , sa vle di **sa ki genyen egzansyon medikal oswa relijye yo**, sijè eksklizyon jan sa dekri nan Egzijans Depatman Sante Piblik Rapò Maladi ak Izolasyon ak Karantèn (105 CMR 300.000).

Egzijans Izolasyon ak Karantèn yo nan 105 CMR 300 etabli egzijans izolasyon ak karantèn pou ka sèten maladi ak kontak yo nan kèk sitiyasyon risk elve, ki genyen ladann anviwònman lekòl. Tablo ki annapre a ki soti nan 105 CMR 300 prezante plizyè nan maladi komen vaksen ede evite yo idantifye nan egzijans lan ki gendwa rive nan lekòl ak egzijans eksklizyon ki nesèsè yo.

*Dokiman sa a pa kapab sèvi pou konsèy legal oswa medikal. Nan nivo dokiman sa a antre an konfli ak egzijans obligatwa ak reglemantè, egzijans sa yo ta dwe gen priyorite. Yo pa ta dwe entèprete oswa modifiye anyen nan egzijans lalwa etabli nan dokiman sa a. Kesyon sou obligasyon oswa entèpretasyon jiridik yon lekòl sou òdonans ak règlemantasyon aplikab yo dwe abòde ak konsèy jiridik lekòl la.

Gid Eksklizyon Pasyèl pou Maladi Espesifik Vaksen ede Evite nan Anviwònman Lekòl

Tou depann sikonstans espesifik ki gen rapò ak ekspozisyon, ka, ak kontak ak nenpòt maladi oswa kondisyon ki site nan 105 CMR 300.200 (A) oswa (B), mezi kontwòl anplis gendwa nesèsè.

Lis sa a pa konplè. Gade [105 CMR 300.000](#) pou Egzijans Izolasyon ak Karantèn konplè yo

Maladi	Ka ak Kontak ak Sentòm	Kontak San Sentòm
Woujòl	Ekskli elèv/anplwaye jiska 4 jou apre kòmansman iritasyon an. (Konte jou aparisyon iritasyon an kòm jou zewo).	<p>Si se yon ka: ekskli siseptib¹ yo nan travay oswa klas la soti 5^{yèm} rive 21^{yèm} jou apre ekspozisyon an.</p> <p>Si se plizyè ka oswa ekspozisyon ki kontinye (de oswa plis jou): ekskli siseptib¹ yo rive 21^{yèm} jou apre kòmansman iritasyon nan dènye ka a.</p> <p>Restriksyon sa yo rete menm si kontak la resevwa imin globilin (IG).</p>
Mal Mouton	Ekskli elèv/anplwaye jiska 5 jou apre kòmansman enflamasyon glann nan. (Konte jou aparisyon enflamasyon glann nan kòm jou zewo).	<p>Si se yon ka: ekskli siseptib² yo nan travay oswa klas la soti 12^{yèm} rive 25^{yèm} jou apre ekspozisyon an.</p> <p>Si se plizyè ka: ekskli elèv² rive 25^{yèm} jou apre kòmansman dènye ka nan lekòl oswa espas travay la.</p>
Woubeyòl	Ekskli elèv/anplwaye jiska 7 jou apre kòmansman iritasyon an. (Konte jou aparisyon iritasyon an kòm jou zewo).	<p>Si se yon ka: ekskli siseptib³ yo nan travay oswa klas la soti 7^{yèm} rive 23^{yèm} jou apre ekspozisyon an.</p> <p>Si se plizyè ka: ekskli siseptib³ rive 23^{yèm} jou apre kòmansman dènye ka nan lekòl oswa espas travay la.</p>
Koklich	Ekskli elèv/anplwaye jiska 21 jou soti jou kòmansman tous oswa 5 jou apre kòmansman terapi antibyotik apwopriye a.	<p>Si yon sijè⁴ te ekspoze nan dènye 21 jou yo, resevwa antibyotik pwofilaksi, nan ka sa a li p ap nesèsè pou fè eksklizyon nan anviwònman lekòl la.</p> <p>Nan kèlke sitiyasyon yo jije kòm risk elve, MDPH la gendwa egziye eksklizyon kontak san sentòm ki p ap resevwa antibyotik pwofilaksi epi gendwa pwolonje peryòd eksklizyon an pi lwen pase 21 jou jiska yon maksimòm 42 jou.</p>
Varisèl	<p>Si genyen vezikil, ekskli jiskaske tout lezyon yo seche epi po a seche, oswa jiskaske pa gen nouvo lezyon ki parèt, jeneralman rive 5^{yèm} jou apre kòmansman iritasyon an. (Konte jou aparisyon iritasyon an kòm jou zewo).</p> <p>Si pa genyen vezikil, ekskli jiskaske lezyon yo disparèt (sa vle di, lezyon po a nan pwosesis pou li rezoud; lezyon yo pa bezwen disparèt totalman) oswa pa genyen nouvo lezyon ki parèt nan entèval yon peryòd 24 èdtan, kèlkeswa sa ki pi ta a.</p>	<p>Siseptib⁵ yo ta dwe ekskli nan travay oswa klas la soti 8^{yèm} rive 21^{yèm} jou apre ekspozisyon ak ka a pandan li enfektye.</p> <p>Si ekspozisyon an te kontinye, yo ta dwe ekskli sijè yo soti 8^{yèm} rive 21^{yèm} apre kòmansman iritasyon an.</p> <p>Nenpòt moun k ap resevwa zostè varisèl imin globilin (VARIZIG®) oswa imin globilin entravenez (IVIG) ta dwe pwolonje eksklizyon yo a 28 jou apre ekspozisyon.</p>

Definisyon Siseptib

¹ **Woujòl** - Siseptib genyen ladann tout moun ki fèt an 1957 oswa san) dokimantasyon ekri apre 2 dòz vaksen ki genyen woujòl; oswa 2) prèv laboratwa iminite oswa konfimasyon maladi laboratwa. Nan yon anviwònman epidemi, tout moun ki genyen 0 oswa 1 dòz **gendwa** evite eksklizyon si yo te resevwa rapidman yon dòz. Yo konsidere moun ki te fèt Etazini avan 1957 iminize; sepandan sa **pa** ta dwe konsidere kòm prèv iminite pou etidyan syans sante ak travayè swen sante.*

² **Mal Mouton** - Siseptib genyen ladann tout moun ki fèt an 1957 oswa san) dokimantasyon ekri apre 2 dòz vaksen ki genyen woujòl; oswa 2) prèv laboratwa iminite oswa konfimasyon maladi laboratwa. Nan yon anviwònman epidemi, tout moun ki genyen 0 oswa 1 dòz **gendwa** evite eksklizyon si yo te rapidman resevwa yon dòz. Yo konsidere moun ki te fèt Etazini avan 1957 iminize; sepandan sa **pa** ta dwe konsidere kòm prèv iminite pou etidyan syans sante ak travayè swen sante.*

³ **Woujòl** - Siseptib genyen ladann tout moun ki fèt an 1957 oswa san) dokimantasyon ekri apre 2 dòz vaksen ki genyen woujòl; oswa 2) prèv laboratwa iminite oswa konfimasyon maladi laboratwa. Nan yon anviwònman epidemi, tout moun ki genyen 0 oswa 1 dòz **gendwa** evite eksklizyon si yo te rapidman resevwa yon dòz. Yo konsidere moun ki te fèt Etazini avan 1957 iminize; sepandan sa **pa** ta dwe konsidere kòm prèv iminite pou etidyan syans sante ak travayè swen sante.*

⁴ **Koklich** - Siseptib genyen ladann tout moun ki te ekspoze, kèlkeswa laj yo, kondisyon iminite yo, oswa ansyen istorik yo ak maladi a.

⁵ **Varisèl** - Siseptib genyen ladann tout moun ki te fèt nan Etazini an 1980 oswa apre san 1) dokimantasyon ekri oswa 2 dòz vaksen varisèl; oswa 2) prèv iminite laboratwa oswa konfimasyon maladi laboratwa; oswa 3) yon dyagnostik founisè swen sante varisèl oswa verifikasyon istorik maladi varisèl yon founisè swen sante; oswa 4) istorik zostè epès sou baz dyagnostik founisè swen sante. Nan yon anviwònman epidemi, tout moun ki genyen 0 oswa 1 dòz **gendwa** evite eksklizyon si yo te resevwa rapidman yon dòz. Yo konsidere moun ki te fèt Etazini avan 1980 iminize; sepandan sa **pa** ta dwe konsidere kòm prèv iminite pou etidyan syans sante ak travayè swen sante.*

*Travayè swen sante ak etidyan syans sante ta dwe genyen 2 dòz MMR ak varisèl, prèv laboratwa iminite, oswa konfimasyon maladi laboratwa.

Fanm Ansent ak moun ki konpwomèt sou plan iminite: Li **pa** rekòmande pou sèvi ak ane nesans kòm prèv iminite pou fanm ansent oswa moun ki konpwomèt sou plan iminite. Pou pwoteksyon yo, endividi sa yo - kèlkeswa ane nesans oswa lòt dokimantasyon iminite - ta dwe refere ak founisè swen sante yo pou evalyasyon.

Sa yo se direktiv eksklizyon pou anviwònman lekòl sèlman. Genyen lòt direktiv pou anviwònman ki pa anviwònman lekòl. Anplis de sa, MDPH gendwa bezwen aplike kritè iminite ki pi sevè oswa lòt mezi kontwòl tou depann sitiyasyon ak endividi ki te ekspoze yo, epi yo prezante rekòmandasyon sa yo nan lòt dokiman MDPH.

De referans anplis gendwa itil pou pèsonèl sante lekòl:

- *Gid Siveyans ak Rapò* ke nou ka jwenn sou sitwèb MDPH la nan <https://www.mass.gov/handbook/guide-to-surveillance-reporting-and-control> epi
- *Manyèl Konplè Sante Nan Lekòl* ke nou kapab jwenn nan <https://massclearinghouse.ehs.state.ma.us/PROG-SCH/SH3001.html>